



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO PWOGRAM ALFABETIZASYON DIJITAL LA POU NOUYÒKÈ YO ATRAVÈ DEPATMAN TRAVAY LA

Nouvo patenarya Depatman Travay la avèk Northstar Digital Literacy pral ede moun k ap chèche travay yo devlope konpetans enfòmatrik ki nesesè pou yo jwenn travay 21yèm syèk

Baze sou angajman Gouvènè a pou devlopman mendèv ak pou ede koresponn konpetans travayè yo avèk bezwen biznis modèn yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) la ap lanse yon pwogram alfabetizasyon dijital nouvo, gratis pou ede moun k ap chèche travay yo akeri konpetans yo bezwen pou yo pi vandab pou anplwayè yo. Pwogram nan disponib atravè yon patenarya ak Northstar Digital Literacy pou evalye konpetans enfòmatrik moun k ap chèche travay epi ede yo devlope konesans nan domèn biznis yo ap chèche. Dapre yon sondaj NYSDOL 2022 a, 44 pousan nan biznis ki te reponn yo te di ke itilizasyon òdinatè debaz ak alfabetizasyon sou òdinatè se te konpetans komen ki manke pami moun k ap aplike travay yo ak nouvo anplwaye yo. Lòt pwoblèm komen yo idantifye gen ladan konpetans debaz nan imèl ak konpetans nan Excel. Avèk teknoloji ki toujou ap evolye nan espas travay la, li vin esansyèl pou anplwaye yo konprann kijan pou yo itilize zouti ak platfòm dijital yo pou Travayè Nouyòkè yo pou avanse karyè yo ak biznis yo pou yo ka kontinye pwospere

"New York ap ouvri wout la nan elaji alfabetizasyon dijital pou ede mendèv ki gen talan nan eta nou an asire travay demen yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo inisyativ sa a pral yon adisyon transfòmatrik nan efò devlopman mendèv nou yo, ki bay tout Nouyòkè aksè nan zouti ki nesesè pou debloke yon pi bon avni pou tèt yo ak fanmi yo".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Pandan Eta New York ap chèche atire biznis pou ogmante opòtinite ekonomik yo, nou dwe asire Nouyòkè yo byen aliyen ak bezwen biznis yo. Patenarya nou ak Northstar Digital Literacy pral ede mendèv nou an akeri konpetans nan òdinatè yo bezwen pou swiv chanjman rapid mache mondyal dijital la".

Northstar gen yon sistèm twa volè ki kòmanse ak evalyasyon sou entènèt, oto-gide pou patisipan yo resevwa sètifika oswa badj dijital lè yo reyisi. Northstar answit rekòmande aprantisaj sou entènèt otonòm pandan y ap devlope plan leson pou ede Nouyòkè yo ogmante konpetans yo. Pwogram sa a pral fasilite nan 95 Sant Karyè lokal NYSDOL yo.

Nan sondaj 2022 NYSDOL la, biznis yo mansyone pi ba a kèk nan konpetans teknik yo t ap chèche plis:

- Metriz lojisyèl Excel
- Imèl
- Metriz lojisyèl Word
- Analiz done
- Daktilografi

Pwogram dijital Northstar la ede travayè yo evalye nivo konpetans yo epi aprann konpetans sa yo, prepare Nouyòkè yo pou mache travay la, epi asire biznis yo jwenn travayè ki gen konpetans yo bezwen yo.

Patenarya sa a ranfòse angajman NYSDOL pou ede Nouyòkè yo jwenn konpetans yo bezwen pou yo briye nan rechèch travay ak nan espas travay. NYSDOL ofri yon varyete sèvis devlopman karyè sou entènèt ak an pèsòn, ki gen ladan aksè a plis pase 4,000 pwogram atravè [Coursera ak atelye vityèl chak jou sou sijè tankou konpetans ki ka transfere, LinkedIn ak lòt ankò](#). Sant Karyè NYSDOL yo ofri yon bann kalite kou, atelye, fwa travay, evènman pou rekritman, klèb tavay ak sesyon enfòmasyon. Nouyòkè k ap chèche èd ak cv, rezo, oswa entèvyou yo pou yo vizite [paj wèb Devlopman Karyè NYSDOL](#) oswa [kontakte](#) Sant Career lokal yo a.

Nouyòkè yo ta dwe [kontakte](#) Sant Karyè NYSDOL lokal yo pou enskri pou pwogram dijital gratis Northstar la. Gen apeprè 3,000 pwogram Edikasyon Debaz pou Adilt, inivèsite, òganizasyon san bi likratif, sant mendèv, ajans gouvènman ak biznis ki aktyèlman itilize Northstar.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)